

Ibibazo bikunzwe kubazwa vyerekeye ikiza kibangamira ukwitaho abana EBT -kandi-

P-EBT y'ici kubana b'ishure (**bishasha!)

Umwaka w'ishure 2020-2021 (*Ruheshi 3, 2021*)

Ikibazo ca 1: P-EBT ni iki?

Inyishu: Ni akarusho mfatakibanza ku mfungurwa kemewe na leta mugufasha ingo zakozweko n'ikiza ca COVID-19 bitumwe no kwugara amashure.

Ikibazo ca 2: Ni bande bemerewe kuronka uturusho two kwitaho abana P-EBT?

Inyishu: Ingo z'i Verimonti zifise abanyeshure bategerezwa kuronka imfungurwa kubantu canke kugiciro kigabanije kw'ishure biciye muri gahunda y'igihugu yo kugaburira abana kw'ishure. Uturusho turiho ukwezi nimba umunyeshure yafashe ukwezi kwiwe nka kwose yiga yaba k'urubuga canke mw'ishure.

Ikibazo ca 3: Ni gute nobona ko urugo rwanje rwemerewe?

Inyishu: Ishure ry'umunyeshure wawe riyoraba nimba umunyeshure wawe yemerewe, hakurikijwe ingingo zitangwa na leta. Ishure rishobora kukurondera kugira ryemeze ko bafise amakuru nyayo yanditse k'urupapuro. Turakwinginze wishure kugisabo cabo. Nimba wemerewe, uzoronka ikete rivuye muri DCF risigura uko hamwe na ryari uzoronka akarusho.

Ikibazo ca 4: Nimba twemerewe, ni gute tuzoronka ubwo burusho?

Inyishu: Nimba uriko uronka 3SquaresVT kukarata EBT, uzoronka akarusho P-EBT kuri iyo karata. Nimba atari uko, uzoronka ikarata P-EBT idasanzwe. Nimba wararonse ikarata P-EBT k'umwaka w'ishure 2020-2021, turakwinginze ugumane iyi karata kuko uturusho twawe tuzokwongerwa kuri iyi karata. Menya ko ltegeko rya leta riraba *Inyishu za Koronavirusi z'Imiryango ubwa Mbere* ryemereye ishure ry'umunyeshure wawe gusangiza ibiharuro bikenewe hamwe n'igisata kiraba abana n'imiryango (DCF) kuri iki kibazo.

Ikibazo ca 5: Nararonse ikarata P-EBT mumpeshi iheze (2020), yamara ntayo nkifise. Ico coba ari ikibazo?

Inyishu: Oya. Amakarata mashasha ariko aratangwa k'umwaka w'ishure 2020-2021. Nimba uriko uraronka akarusho kukarata P-EBT idasanzwe, raba ugumane ikarata nshasha uronse. Uturusho twinyongera dushobora kwongerwako kuko hari incuro zirenze imwe zo guhembwa muri uyu mwaka w'ishure.

Ikibazo ca 6: Nararonse ikarata P-EBT nshasha, ariko yaratakaye, narayitaye, yaribwe canke yarononekaye. Nokora iki?

Inyishu: Raba uhamagare ESD uvugane n'umuhinga wa P-EBT kuri 1-800-479-6151 kuri 7 kugira uronke ikarata iyisubirira.

Ikibazo ca 7: Ni ryari uturusho tuzotangwa?

Inyishu: Igice ca mbere (kuva Nyakanga 2020 gushika Ruhuhuma 2021) twatanzwe muri Ndamukiza 2021. Uturusho two muri Ntwarante gushika Ruheshi 2021 dutegakanijwe gutangwa muri Mukakaro 2021. Ayo magenekerezo ashobora guhinduka, turabinginze mubandanye kuraba kuri uru rubuga ibibazo bikunze kubazwa vyashizwe kumwanya.

Ikibazo ca 8: Akarusho ka P-EBT kangana gute?

Inyishu: Uburusho bwisunga uburyo umunyeshure wawe yigamwo mu kwezi:

- Amadorari 119.35 ku kwezi umuntu aba yize ari kure
- Akarusho k'igice kajanye n'uburyo buvanze bwo kwiga mu kwezi (iminsi imw'imwe kw'ishure, iminsi imw'imwe umuntu yiga ari kure). Akarusho k'igice kuva muri Nyakanga gushika muri Ruhuhuma 2021 kari ama dorari 71.61 ku kwezi. Uburusho bw'igice bwo kuva muri Ntwarante gushika muri Ruheshi buri hasi kuko amashure yasubiriye gukoresha uburyo bwo kwigisha abana ariho bari ubwabo mu gihe c'impeshi:
 - Ntwarante amadorari 38.19
 - Ndamukiza amadorari 37.51
 - Rusama amadorari \$33.42
 - Ruheshi amadorari 30.69
- Nta karusho kariho ku muntu yiga ariho ari ubwiwe mu kwezi.

Ikibazo ca 9: Akarusho P-EBT ni kamwe utaravye abana bari m'urugo?

Inyishu: Oya. Akarusho gaharurwa bafatiye k'ukuntu umunyeshure wese yize hamwe no kwemererwa gufata imfungurwa ku buntu canke kugiciro kigabanije. Akarusho gashobora gutandukana k'umunyeshure k'uwundi.

Ikibazo ca 10: Ububasha k'umunyeshuri wanje buri hagati y'ingo zibiri. Ni nde aronka akarusho?

Inyishu: Akarusho kazorungikwa k'uwukuze yashizwe k'urutonde nk'umukuru w'urugo n'ishure ry'umunyeshure. Ashobora kuba uwukuze yanditswe ku cete ca gusa canke c'igiciro kigabanije kubw'umunyeshure, canke uwukuze ari k'urutonde nk'uworonderwa ubwa mbere n'ishure. Amashure yararondeye ingo muri Ruhuhuma kugira bemeze uwoshirwa k'urutonde nk'uwuserukira urugo. Raba urondere ishure nimba uwuserukira urugo akenewe gushirwa k'umwanya.

Ikibazo ca 11: Nogura iki n’aka karusho?

Inyishu: Raba [urutonde rw’imfungurwa zemerewe](#) k’urubuga ngurukanabumenyi rwa USDA.

Ikibazo ca 12: Ni hehe nokoresha ikarata yanje P-EBT?

Inyishu: Ushobora kuyikoresha mukugura imfungurwa ahariho hose bemera 3SquaresVT. Aha harimwo inzu zigurisha imfungurwa, inzu nini z’ibidandazwa, inzu zigurisha imfungurwa za leta, hamwe n’amasoko menshi y’abarimyi borozi b’i Verimonti. Iga vyinshi kuri DCF’s [urubuga rwa EBT](#).

Ikibazo ca 13: Ntabana mfise mw’ishure. Noronka aka karusho?

Inyishu: Oya. Aka karusho ni ak’ingo aho abana baronka imfungurwa ku buntu canke ku giciro kigabanije kw’ishure mumugambi w’igihugu wo kugaburira abana kw’ishure kandi ubu nyene bakeneye gufungura izo mfungurwa muhira kubera bariko bigira k’ubuhinga ngurukanabumenyi canke kw’ishure.

Ikibazo ca 14: Ibi n’ivy’abana bari mumashure ya leta?

Inyishu: Oya. Amashure amwe amwe yigenga aritabira umugambi wa leta wo kugaburira abana kw’ishure, kandi abana kuri ayo mashure bashobora kwemererwa gutora aka karusho. Yamara, amashure menshi yigenga ntiyitabira umugambi wa leta wo kugaburira abana kw’ishure, kandi abanyeshure bayo ntibemerewe gutora aka karusho.

Ikibazo ca 15: Hama amashure atanga imfungurwa zo mugitondo n’izo k’umuhingamo k’ubuntu ku banyeshure bose bakoresha icete co kwemererwa mukibano (CEP) canke icete ca 2?

Inyishu: Abanyeshure bose muri ayo mashure bazaronka akarusho P-EBT ku mezi bize k’ubuhinga ngurukanabumenyi canke mw’ishure. Ushobora kubona [urutonde rwayo mashure](#) k’urubuga ngurukanabumenyi rwa AOE.

Ikibazo ca 16: Abanyeshure bose aho umwana wanje yiga baronka akavunamusase gacye mucete ca 2. Bose bazaronka akarusho P-EBT?

Inyishu: Oya. Akarusho kari ku banyeshure mumashure atanga akavunamusase hamwe n’imfungurwa zo k’umuhingamo ku buntu biciye mucete ca 2 canke CEP. Nimba ishure ryawe ritanga akavunamusase biciye mucete ca 2, kwemererwa kuri P-EBT bizova ku kwemererwa kwa buri munyeshure ku mfungurwa zo kumuhingamo zo ku buntu canke kugiciro kigabanije.

Ikibazo ca 17: Ishure ryacu rizotanga imfungurwa ku buntu ku bana bose uyu mwaka. Vyoba bisigura ko abanyeshure bose bazaronka akarusho?

Inyishu: Oya. Nimba ishure ry’umunyeshure wawe ridatanga “Imfungurwa kuri bose” biciye muri CEP canke icete ca 2 rero ukwemererwa kuzova k’ukwemererwa kw’umunyeshure ubwiwe ku mfungurwa ku buntu canke ku giciro kigabanije. Amashure ashobora gutanga imfungurwa ku

buntu ku bana bose uyu mwaka hakoreshejwe gahunda ya USDA yo gutanga imfungurwa mu ci, yamara ivyo ntibiha amahirwe abanyeshure bose kw'ishure kuri P-EBT.

Ikibazo ca 18: Umwana wanje ariko yigira i muhira muri uyu mwaka. Twoba duhabwa amahirwe ku karusho?

Inyishu: Oya. Akarusho P-EBT ni ak'abanyeshure gusa banditswe kw'ishure riri muri gahunda y'igihugu yo kugaburira abana. Akarusho ni ak'abanyeshure banditswe ku mashure bariko biga k'ubuhinga ngurukanabumenyi, yamara atari abanyeshure bifutishije kw'ishure bakiyandikisha kwigira i muhira uyu mwaka. Abanyeshure banditswe kwigira i muhira bashobora kuguma baronka imfungurwa ku mbuga ngurukanabumenyi zuguruye zitanga imfungurwa ku buntu. Temberera [aho kuronderera imfungurwa za USDA](#) kurondera imbuga ngurukanabumenyi zuguruye zitanga imfungurwa hafi yawe.

Ikibazo ca 19: Namye ntor a imfungurwa z'umwana wanje kukibanza *Grab and Go* canke bahora babituzanira. Nshobora kubihagarika nimba ndonse akarusho P-EBT? Ivyo vyotuma tudahabwa amahirwe yo kuronka akarusho?


Inyishu: Oya. Abanyeshure baronka imfungurwa bigira k'ubuhinga ngurukanabumenyi baremerewe kuronka akarusho P-EBT. Ushobora kubandanya utora izo mfungurwa kandi ufise amahirwe yo kuri aka karusho.

Ikibazo ca 20: Ndafise abandi bana batari mw'ishure. Boba bemerewe kuronka akarusho?

Inyishu: Oya. Akarusho P-EBT ni ak'abanyeshure gusa banditswe kw'ishure riri muri gahunda y'igihugu yo kugaburira abana. Raba ikibazo bikunze kubazwa mukwitaho abana P-EBT kugira uronke ayandi makuru ajanye n'ivyo abana bemerewe kukarusho ko kwitaho abana.

Ikibazo ca 21: Ni ukwahe ikarata P-EBT isa?

Inyishu: Ngaka akarorero nk'isura y'ikarata



P-EBT

Uwufise ikarata VT

Ikibazo ca 22: Ni kubera iki naronse ikete ririko nimeru yo gukingira atari rwanje?

Inyishu: Nimba wararonse ikarata P-EBT, ESD iteyeko “umukono w’inomero zo gukingira z’umwigano” kumvo zo gushira kumwanya ikarata yawe. Raba ukoreshe inomero yo gukingira mukibano ziri k’urutonde kw’ikete (atari inomero yo gukingira mukibano yawe nyayo) hama ukurikize ibisabwa kugira ushire k’umwanya ikarata yawe:

Ni gute woshira k’umwanya ikarata yawe:

1. Hamagara 1-800-914-8605 ku buntu.
2. Koresha uburyo buriko muguhitamwo inomero zine z’ibitigiri vy’ibanga.
3. Injiza [INSERT FAKE SSN] mugihe usabwe kwinjiza inomero yo gukingirwa mukibano.
4. Mugihe usabwe kwinjiza igenekerezo y’amavuka, koresha imwe y’umwana wawe akuze iri ku kete waronse.

Ikibazo ca 23: Abana banje ntibaronse amahirwe yo kuronka imfungurwa ku buntu canke kugiciro kigabanije imbere ya COVID-19, yamara narabuze akazi kuva icyo gihe. Ndashobora kuronka P-EBT?

Inyishu: Nimba ivy’ubutunzi bwawe vyarahindutse, twogusaba ko wogerageza aha:

- [Uburusho bwa 3SquaresVT](#). Nimba uronse akarusho ka buri kwezi, umwana wawe afise amahirwe yo kuronka imfungurwa ku buntu kw’ishure kandi ushobora kuronka akarusho P-EBT.
- [Imfungurwa zo ku buntu canke kugiciro kigabanije](#) mukurondera ishure ry’umwana wawe. Ushobora kandi kuronka icete k’urubuga rwa [AOE ngurukanabumenyi](#). Nimba urugo rwawe rwemerewe, uzoronka akarusho P-EBT amezi umunyeshure wawe yize kw’ishure canke k’ubuhinga ngurukanabumenyi. Amakete yatanzwe yemewe n’ishure ryawe kugera muri Ndamukiza 1, 2021 ashobora kuronka amahirwe y’uturusho tugarutse kuva muri Nyakanga 2020. Inyuma ya Ndamukiza 1, amakete yemewe azoha amahirwe abanyeshure gusa k’uturusho duhari ubu no mumezi yo muri kazoza.

Ikibazo ca 24: Ni gute nimba ntakeneye aka karusho?

Inyishu: Ukwitabira ntagahato. Nimba uhisemwo kutitabira, nahamwe:

- Ntukoreshe uturusho turenzako twashizwe kukarata yawe 3SquaresVT EBT. *CANKE*
- Fata ikarata yawe P-EBT mukuyikata ucishije mukantu gasumakura kandi uyibike muburyo butekanye. NTUshobora gutanga ikarata yawe k’uwundi muntu.

Ikibazo ca 25: Uturusho P-EBT twoba duta igihe nimba tudakoreshejwe?

Inyishu: Ego. Uturusho P-EBT tuzota igihe nimba ikarata idakoreshejwe muminsi 274.

Ikibazo ca 26: Ndafise ibibazo vyinshi. Ni hehe nomenya ayandi makuru?

Inyishu: Ja kuri <https://dcf.vermont.gov/esd/covid19/P-EBT> canke uhamagare 1-800-479-6151 kuri 7 kugira uronke ayandi makuru. Raba urondere ishure ry'umunyeshure wawe nimba ufise amakenga k'ukwemererwa kw'umunyeshure wawe ku mfungurwa zo ku buntu hamwe no kugiciro kigabanije canke ushaka guhindura umukuru w'urugo canke aderesi ya meyeri izokoresha mugutanga ikarata.

******* P-EBT yo Mu ci *******

Ikibazo ca 27: P-EBT yo mu ci ni iki?

Inyishu: Ni ivyongewe k'uturusho twa P-EBT ku bana b'ishure kurenga mu ci.

Ikibazo ca 28: Ni bande bemerewe kuronka uturusho P-EBT two mu ci?

Inyishu: Ingo z'i Verimonti z'abanyeshure bari baremerewe mu mwaka w'ishure 2020-2021 kandi bari banditswe mw'ishure ry'i Verimonti nko muri Ruheshi. Abanyeshure bemerewe ni abo bemerewe gufungura ku buntu canke kugiciro kigabanije canke baja kw'ishure ritanga akavunamusase hamwe ivyo k'umuhingamo biciye ku cete ca 2 canke CEP.

Ikibazo ca 29: Ni gute nobona ko urugo rwanje rwemerewe?

Inyishu: Ishure ry'umunyeshure wawe riyoraba nimba umunyeshure wawe yemerewe, hakurikijwe ingingo zitangwa na leta. Ishure rishobora kukurondera kugira ryemeze ko bafise amakuru nyayo yanditse k'urupapuro. Turakwinginze wishure kugisabo cabo. Nimba wemerewe, uzoronka ikete rivuye muri DCF risigura uko hamwe na ryari uzoronka akarusho.

Ikibazo ca 30: Nimba twemerewe, ni gute tuzoronka ubwo burusho?

Inyishu: Nimba uriko uronka 3SquaresVT kukarata EBT, uzoronka akarusho P-EBT kuri iyo karata. Nimba waramaze kuronka ikarata P-EBT mu 2021, uzoronka akarusho P-EBT kuri iyo karata. Nimba atari uko, uzoronka ikarata P-EBT idasanzwe. Raba ugumane ikarata yawe P-EBT.

Ikibazo ca 31: Nararonse ikarata P-EBT mumpeshi iheze (2020), yamara ntayo nkifise. Ico coba ari ikibazo?

Inyishu: Oya. Nta karata nshasha ziriko zitangwa mu 2021. Nimba uriko uraronka akarusho kukarata P-EBT idasanzwe, raba ugumane ikarata nshasha uronse. Uturusho tw'ingongera dushobora kwiyongera kuri yo.

Ikibazo ca 32: Ni ryari uturusho two mu ci tuzatangwa?

Inyishu: Hari ibice bibiri vy'uturusho P-EBT two mu ci turiko dutangwa:

- Igice ca mbere c’uturusho P-EBT two mu ci ku banyeshure bamaze kuba baremerewe gufungura imfungurwa ku buntu / kugiciro kigabanije canke bakitabira ishure rya CEP canke icete ca 2 nko muri Ruheshi gitegekanijwe gutangwa muri Mukakaro 2021.
- Ku banyeshure biga mumashure y’i Verimonti nko muri Ruheshi 2021, yamara bemewe gufungura kubuntu/ kugiciro kigabanije mugihe c’ici, uturusho tuzotangwa muri Nyakanga 2021.

Ikibazo ca 33: Ni ikihe gihe c’ici gifatwa mubijanye no gusaba gufungura ku buntu / kugiciro kigabanije hamwe no kuronka P-EBT y’ici?

Inyishu: Imiryango itaremererwa gufungura kubuntu/ kugiciro kiganaije ishobora kubisaba umwanya uwo ariwo wose kuva muri Myandagaro 16, 2021 kandi nimba basanze bemerewe bazoronka akarusho P-EBT ko mu ci kose. Imiryango yiyandikishije gufungura ku buntu / kugiciro kigabanije inyuma y’ishure ikaba itemerewe kandi kuri canke imbere ya Myandagaro 16 izoronka uturusho P-EBT two mu ci mu gice ca kabiri muri Nyakanga. Igenekerezo rya nyuma ryo kwiandikisha gufungura ku buntu/ kugiciro kigabanije ku mvo zo kuronka P-EBT yo mu ci ni Myandagaro 16, 2021.

Ikibazo ca 34: Akarusho P-EBT ko mu ci ni angahe?

Inyishu: Akarusho P-EBT ko mu ci ni ama dorari 375 kuri buri mwana yemerewe. Iki ni igiciro gitangwa rimwe.

Ikibazo ca 35: Akarusho P-EBT ko mu ci ni kamwe utaravye abana bari m’urugo?

Inyishu: Akarusho P-EBT ko mu ci ni ama dorari 375 kuri buri mwana yemerewe.

Ikibazo ca 36: Nimba ntoro imfungurwa z’umwana wanje kw’ishure kuri *Grab and Go* canke nkoresha iyindi gahunda yo kuronka imfungurwa, noba ntegerezwa guhagarika nimba ndonse akarusho P-EBT ko mu ci? Ivyo vyotuma tudahabwa amahirwe yo kuronka akarusho?

Inyishu: Oya. Ushobora kubandanya utora izo mfungurwa kandi ufise amahirwe yo kuri aka karusho.

Ikibazo ca 37: Ndafise abandi bana batari mw’ishure. Boba bemerewe kuronka akarusho?

Inyishu: Oya. Raba ibibazo bikunze kubazwa mukwitaho abana P-EBT kugira uronke ayandi makuru ajanye n’ivyo abana bemerewe kukarusho ko kwitaho abana, harimwo n’akarusho ko mu ci.

Ikibazo ca 38: Umwana yahejeje amashure yisumbuye muri Ruheshi 2021, umwana wanje yoba yemerewe?

Inyishu: Nimba umwana wawe yari yemerewe gufungura ku buntu / kugiciro kigabanije muri Ruheshi 2021, umwana wawe azoba yemerewe ku karusho P-EBT ko mu ci.

Ikibazo ca 39: Umwana yahejeje amashure yisumbuye kare muri Nzero 2021, umwana wanje yoba yemerewe?

Inyishu: Oya. Kugira yemererwe kukarusho P-EBT ko mu ci, umwana ategerezwa kuba yariko arika nko muri Ruheshi 2021. Rero kubona umwana wawe yahejeje amashure muri Nzero, ntiyemerewe yanditswe muri Ruheshi.

Ikibazo ca 40: Umwana wanje yoba ategerezwa kwitabira ishure ryo mu ci kugira yemererwe akarusho P-EBT ko mu ci?

Inyishu: Oya. Kuja kw'ishure mu ci si ico twofatirako kugira tumenye nimba umwana yemerewe akarusho P-EBT ko mu ci.

Ikibazo ca 41: Uturusho P-EBT two mu ci twoba duta igihe nimba tudakoreshejwe?

Inyishu: Ego. Uturusho P-EBT tuzota igihe nimba ikarata idakoreshejwe muminsi 274.

Ikibazo ca 42: Umwana wanje afise amahirwe yo gufungura ku buntu hamwe no kugiciro kigabanije yamara yariko yiga kw'ishure mu mwaka w'ishure 2020-2021, umwana wanje yoba yemerewe kuronka akarusho P-EBT ko mu ci?

Inyishu: Ego. Ukwemererwa biva kuba wemerewe gufungura ku buntu / kugiciro kigabanije.

Ikibazo ca 43: Ndafise ibibazo vyinshi bijanye na P-EBT yo mu ci. Ni hehe nomenya ayandi makuru?

Inyishu: Ja kuri <https://dcf.vermont.gov/esd/covid19/P-EBT> canke uhamagare 1-800-479-6151 kuri 7 kugira uronke ayandi makuru. Raba urondere ishure ry'umunyeshure wawe nimba ufise amakenga k'ukwemererwa kw'umunyeshure wawe ku mfungurwa zo ku buntu hamwe no kugiciro kigabanije canke ushaka guhindura umukuru w'urugo canke aderesi ya meyiri izokoresha mugutanga ikarata.

